

# Tchaka

[ 'tʃaka ]

**Chofe dife! Nou pral manje tchaka!**

[ 'ʃofe dzi'fe nu pral māʒe 'tʃaka ]

**Chofe dife, brase mayi, pa bliye tisale,**

[ ʃo'fe dzi'fe bra'se ma'ji pa bli'je tsi'sa'le ]

**Nou pral manje yon bon tchaka.**

[ nu pral māʒe jō bō 'tʃaka ]

**Nou pral voye monte yon bouyon tèt chaje.**

[ nu pral vo'je mō'te jō bu'jō tet ʃa'ʒe ]

**Twa tanbou yo frape, tout moun rele anmwe.**

[ twa tā'bu jo fra'pe tut mun rele ā'mwe ]

**An nou pote kole pou nou tout ka vanse.**

[ ā nu po'te ko'le pu nu tut ka vā'se ]

**An nou makonnen ansanm nan yon bèl amoni**

[ ā nu makō'nē ā'sām nā jō bel'omoni ]

**Yon bon bouyon lakay, yon tchaka mizikal.**

[ jō bō bu'jō la'kai jō 'tʃaka mizikal ]

**Se yon bon bouyon lakay,**

[ se jō bō bu'jō la'kai ]

**yon tchaka nasyonal,**

[ jō 'tʃaka nasio'nal ]

**Se yon bon bouyon lakay...**

[ se jō bō bu'jō la'kai ]

**Chofe dife! Chofe dife!**

[ ʃo'fe dzi'fe ʃo'fe dzi'fe ]

**Yanvalou, Kontredans, Rabòday se gwo koze.**

[ 'jāvalu 'kōtredās rabo'dai se gwo ko'ze ]

**Mizik lakay, o wi se bèl bagay.**

[ mi'zik la'kai o wi se bel ba'gai ]

**Pote kole; kòtakòt n ape vanse.**

[ po'te ko'le 'kòtakòt na'pe vā'se ]

**Chofe dife, chofe dife, tchaka ape monte!**

[ ʃo'fe dzi'fe ʃo'fe dzi'fe 'tʃaka a'pe mō'te ]

**Ibo, Bolero, Banda, Mayi, Congo,**

[ ibo 'bolero 'bāda ma'ji kō'go ]

**Petro, Maskaron...**

[ 'petro 'maskarō ]

**Mizik sa yo se konpa lakay.**

[ mi'zik sa jo se kō'pa la'kai ]

**Nou danse Kalinda, nou chante Rabòday,**

[ nu 'dāse kalin'da nu ʃā'te rabo'dai ]

**Tèt ansanm, nan renmen,**

[ tet'ā'sām nā rē'mē ]

**An nou fè bèl bagay.**

[ ā nu fe bel ba'gai ]

**Nou proklame lespwa e nou chante lapè,**

[ nu 'proklame les'pwa e nu ʃā'te la'pe ]

**Pou limyè la jistis blayi sou tout latè.**

[ pu li'mie la ʒis'tis bla'ji su tut la'te ]

**N ap kontinye chante pou fè lavi pi bèl!**

[ 'nap kō'tinie ʃā'te pu fe la'vi pi bel ]

**Nan jistis, nan renmen,**

[ 'nā ʒis'tis nā rē'mē ]

**An nou manje yon bon tchaka!**

[ ā nu mā'ʒe jō bō 'tʃaka ]

**Ayibobo!**

[ 'ajibobo ]

**An'n manje yon bon tchaka!**

[ ān mā'ʒe jō bō 'tʃaka ]

Nonsense syllables

**Doumboyo ouwo woy doumbaga doumbo**

[ 'dumbojo u'wo woi 'dumbaga 'dumbo ]

**Zap tagadap tagadap tagadap ouwap**

[ zap taga'dap taga'dap taga'dap uwap ]

**Pazigidaga digidaga digidagada, yeiye**

[ pa'zigidaga 'digidaga 'digidagada 'jeije ]

**Pazip pada pada padappa**

[ pa'zip pa'da pa'da padap'pa ]